*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№113 (26565)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 30 июнь – хурхæтæны мæйы 30 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 САХЪГУЫРД
Царды ссардта йæ бынат

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
Нæ фыдæлты бæстæ, нæ фыдæлты зæхх

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Армхæст

**Партион съезд**

## Хъысмæт лыггæнæн заман

**Мæскуыйы политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы XXIII съезды фыццаг къæпхæны архайдта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг, политикон партийы регионалон хайады нымæрдар Сергей МЕНЯЙЛО. Съезды уæнгтæ сфидар кодтой Паддзахадон Думæмæ кандидатты хыгъд.**



Партионтæн сæ къухы бафтыд «Иугонд Уæрæсе»-йы федералон хыгъд æмæ иумандатон зылдты кандидатты сфидар кæнын. Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй йын ахсджиаг у, цæмæй съезды фехъусой цæгатирыстойнæгты хъуыдытæ, ахстбынат. «Боны фæткы сты партийы ахъаззагдæр фарстатæ, регионты рæзт, Адæмон программæ царды уадзыны, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, сæ бинонтæн æххуыс, Паддзахадон Думæмæ æвзæрстытæм кандидатты хыгъдтæ сфидар кæнын», – загъта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, съезды дыккаг къæпхæны августы та Адæмон программæ фидаргонд æрцæудзæн, конд уыдзæн фондз азæн. Съезды пленарон æмбырды раныхас кодта Уæрæсейы Президент **Владимир Путин**. Куыд радзырдта, афтæмæй съезд конд æрцыд вазыгджын æмæ хъысмæт лыггæнæн заман. Æнæхъæн дунейы цæуынц стыр бындурон ивддзинæдтæ.

«О, мах уынæм зындзинæдтæ, æмбарæм сæ, дзуапп сын дæттæм. Хъуамæ æдасдзинады мадзæлттæ конд цæуой, нæ граждæнтæ, нæ бæстæ цæрой сабыр уавæрты. Уæрæсейы арæнтæм æвналæн нæй, мах уымæ тырнæм. Нæ фæзуæттæ, инфраструктурæ æвзарынц террористон фыдбылызтæ, уыдонæн ныхкъуырд дæттæм. Бæстæйы мидæг рæзты вазыгджын фарстатæм æргом здахæм, зæгъæм, демографи, рагон традицитæ бахъахъхъæнын, цард фæхуыздæр кæныны хъуыддæгтæм», – фæбæрæг кодта Уæрæсейы Президент.

Владимир Путин уæлдай æргом аздæхта сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæм, æппæт адæм дæр сæ сæрыстыр сты. «Хъуамæ сын ахæм уавæртæ уа, æмæ сæхи равдисой сабыр царды, политикæйы, экономикæйы, паддзахадон æмæ муниципалон разамынд дæттыны хъуыддаджы. Ам рапарахат стыр куыст, фронтмæ, раззаг хахмæ, барвæндонæй ацыдысты бæрзонд бынæттæ ахсæг адæм, фронтæй сыздæхæг ветерантæ та бавнæлдтой сабыр царды уавæрты кусынмæ», – загъта Президент.



Йæ раныхас уыд бирæвæрсыг, бæстон. Уый ма сразы ахуыргæнæджы хицæн статусыл, ома, уыцы хъæппæрис хуымæтæг хъуамæ ма уа. Уæлæмхасæн æххуыс, дæсныйады рæзтæн уавæртæ – уыдæттæ тагъд хъуамæ фæзыной бæстæйы царды. Уæрæсейы разамонæг ма фæсидт разамонджытæм, цæмæй къаддæр бадой кабинетты, мессенджерты, фæлæ цæуой адæмы ‘хсæнмæ, зоной сын сæ тыхстдзинæдтæ, курдиæттæ. Уыдон суыдзысты Адæмон программæйы нысантæ.

Сергей Меняйло ма куыд радзырдта, афтæмæй Уæрæсейы Президенты раныхас уыд бæстон, хицæнæй дзырдта сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты тыххæй. «Уый сæ схуыдта бæстæйы æцæг элитæ, хъахъхъæнынц бæстæ, сæ цард не ‘вгъау кæнынц, лæгдзинад æвдисынц. Тынг ахсджиаг у, цæмæй, раззаг хаххæй сыздæхгæйæ, ам, сабыр царды уавæрты, хъуамæ æрлæууой бæрнон бынæтты», – загъта республикæйы разамонæг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Аппаратон æмбырд**

## Ног хæстæ, ног нысантæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæргълæууæг ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй ацыд æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Архайдтой дзы нæ республикæйы ведомствæтæ, министрадтæ æмæ районты сæргълæуджытæ.**

Æмбырды ныхас кодтой Цæгат Ирыстоны оперативон уавæр, æдасдзинад, æхсæнадон цард æмæ социалон-экономикон рæзты фарстатыл. Къуырийы дæргъы нæ республикæйы бинонтæ цæстдард цыдис боныхъæды уавæрмæ, æнæнхъæлæджы цаутæ ма ‘руадзыны хъуыддæгтæм. Дзанайты Барис æппæт ведомствæтæн дæр бафæдзæхста, мониторинджы фарста дарддæр дæр æххæст кæнын. Уымæй уæлдай, бацæттæ кæнын нæ республикæйы фидæны азæн социалон-экономикон рæзты программæ æмæ йæ æмбырды фæткмæ бавдисын. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады фехъусын кодтой, фæззæг æмæ зымæджы афонтæм хъармгæнæн системæйы цалцæджы куыстытæ дæр кæй райдыдтой, уый тыххæй. РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** та радзырдта, Иумæйаг фæлварæн кæй фæцис, фесты рауагъдонты бæрæгбонты изæртæ дæр. Фæлварæн раттын кæмæн нæ бантыст, уыдонæн фадат ис 1-5 июлмæ ма иу хатт бафæлварынæн. Министр арфæ ракодта мидхъуыддæгты оргæнтæн, ахуырады къабазы сæрдыгон мадзæлттæ æнæ исты фыдракæндтæй кæй ахицæн сты, уый тыххæй. Алыбегты Эллæ фæнысан кодта, Дыгургомы Мæцутæйы сæрдыгон скъолайы ирон æвзаджы ахуыртæ кæй ацæудзысты 30 ахуыргæнæджы. Ахуыртæ арæзт цæуынц нырыккон уавæрты ирон æвзаг парахат кæнын æмæ рæзты мадзæлттæн.

Аппаратон æмбырды ныхас цыдис, проект «Малые города»-йы бындурыл нæ республикæйы районты сæргълæуджытæн цавæр фарстатæ алыг кæнын бантыст сæ бынæтты бындурон цалцæг æмæ санитарон фарстаты, уыдæттыл. Дзанайы-фырт ацы ран йе ‘ргом аздæхта, районты цæрджытæ сæ хъæстытæ Хицауадмæ кæй æрвитынц, уыцы хъуыддагмæ, æмæ фæнысан кодта, æппæт фарстытæ дæр баст кæй сты фæндæгты цалцæгимæ. Дзанайты Барис æппæт ведомствæтæ æмæ районты сæргълæуджытæн дæр бæрæг бæлвырд хæстæ ратта.

**Нæ уацхæссæг**

**Куыстуаты æнтыстытæ**

## Фæлхасгæнджыты курдиæттæ хынцгæйæ

**Дзидзагуыстгæнæн компани «Дюбуа» нæ республикæйы зындгонд у йæ хæрзад æмæ сыгъдæг продукцийæ. Куы сæвзæрдис, уæдæй фæстæмæ цехтæ цы къалбасы хуызтæ уадзынц, уыдонæн канд цæгатирыстойнаг фæлхасгæнæг стыр аргъ нæ кæны, фæлæ нæ бæстæйы æндæр регионты дæр.**




Компани æрæджы райдыдта æнæ хуыйы фыдæй ног бренд «Стур»-ы продукци уадзын. Уый фæдыл Дзæуджыхъæуы арт-кафе «Гæлæбу»-йы ацыдис презентаци. Компани «Дюбуа»-йы минæвæрттæ мадзалы архайджыты размæ рахастой ног маркæйы къалбасы хуызты продукци. Сыгъдæг стуры фыдæй, хъацæнтæ æмæ басгæрдæгæй конд хойраджы хуызтæн аргъгæнæг уыдысты, дунейы дыууæ хатты чемпион **Тасойты Инал**, фонд «Быть добру»-йы бындурæвæрæг **Хъуысаты Амырхан** æмæ нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытæ. Мадзал райдыдта компанийы архайды чысыл видеосюжетæй. Уым æвдыст цыдис заводы бирæ азты куысты æмæ продукцийы сыгъдæгдзинады тыххæй фарстатыл. Компани «Дюбуа»-йы генералон директор **Хъараты Руслан** куыд радзырдта, уымæ гæсгæ ног продукцийы фæзындæн уыдис бæлвырд аххос.

– Нæ республикæйы цæрджытæ нæм курдиаттæ фыстой, цæмæй нæ къалбасмæ хуыйы фыд æфтыд ма цæуа, уый тыххæй. Æмæ бавнæлдтам нæ продукци æнæ уыцы фыдæй уадзынмæ. Фæлхасгæнджыты фæндæттæ нын ахсджиаг сты, æмæ сæ нæ зæрдыл дарæм. Зæгъдзынæн уый дæр, æмæ ахæм ногдзинад нырма базарады нæма уыдис. Брендæн ном «Стур» дæр хуымæтæджы не ‘рхъуыды кодтам. Ирон æвзаджы рæзт æмæ парахат кæныны фарстатæ фæстаг рæстæг тынгæй-тынгдæр зæлынц Ирыстоны, æмæ уыцы проекты фарс мах дæр рахæцыдыстæм, – загъта Хъараты Руслан.





Презентацийы архайджыты зæрдæтæ дыууадæстæнон ирон музыкалон инструментæй барухс кодта **Тедеты Натия.** Уый азарыд «Цæргæс» æмæ акодта «Ханты цагъд», мадзалы архайджытæн иронау радзырдта «Ханты цагъд»-ы таурæгъ дæр, æмæ йæм цымыдисæй байхъуыстой иууылдæр. Уымæй уæлдай, презентацийы арт-кафе «Гæлæбу»-йы сæйраг хæринаггæнæг **Зæнджиаты Сослан** та сарæзта мастер-класс, «Дюбуа»-йы къалбæсты хуызтæй цавæр хæринæгтæ скæнæн ис, уый тыххæй.

**САУТÆТЫ Тамилæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

### Дзырды фарн

***Хъæлдзæгдзинад æмæ æнкъарддзинад фæндонæй не сты. Цардыуаг сæ дæтты.***

МАМСЫРАТЫ Дæбе

Боныхъæд: Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **30 июны** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-20 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,19
Хурыскаст — 04,25
Хурныгуылд — 19,44

Валютæйы аргъ
Доллар — 75,63
Евро — 85,77

12 +

Кусæг фембæлд

# Æнæниздзинад хъахъхъæнынады фарстатæм – лæмбынæг цæстдард



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ Уæрæсейы Федерацийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Михаил МУРАШКО сæ кусæг фембæлды æрдзырдтой Цæгат Ирыстоны цæрджытæн медицинон æххуыс хъомысджындæрæй дæттыны фарстатыл.**

Регионы Сæргълæууæгимæ фембæлдыны разæй Михаил Мурашко бабæрæг кодта къорд медицинон куыстуаты, се 'хсæн – Цæгат Кавказы бирæкъабазджын федералон центр Беслæны, бындурон цалцæджы фæстæ февралы чи байгом, Дзæуджыхъæуы уыцы цыппæрæм поликлиникæйы фыццаг дæлхайад, стæй Республикон клиникон рынчындон – ам сбæлвырд кодта Дадзинты центр æмæ æртыккаг æмвæзады арæндоны куыст.

Уыцы бон Хицауады хæдзары æнæниздзинад хъахъхъæнынады актуалон фарстаты фæдыл арæзт æрцыд кусæг æмбырд Сергей Меняйло æмæ Михаил Мурашкойы разамындæй. Архайдтой дзы Æнæниздзинады къабазмæ цæстдарæг федералон службæйы разамонæг **Алла Самойлова,** Æнæмæнг медицинон фæдзæхстады федералон фонды сæрдар **Илья Баланин,** Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады федералон уагдæтты дæлхайæдты минæвæрттæ Цæгат Ирыстоны.

Æмбырд байгомгæнгæйæ, Сергей Меняйло Михаил Мурашкойæн арфæ ракодта, федералон ведомствæ регионæн иудадзыг кæй æххуыс кæны, уый тыххæй, æмæ загъта, иумæйаг хъарутæй республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæ ноджы кæй фæхуыздæр уыдзæн æмæ республикæйы алы цæрæгмæ дæр кæй хæццæ кæндзæн.

– Фæстаг азты нæ къухы бафтыд медицинон кусæндæтты материалон-техникон базæ фæфидардæр кæнын национ проекттæ æмæ федералон программæтæ æххæст кæныны руаджы. Мах нырыккон кусæнгæрзтæй хъазуатонæй ифтонг кæнæм поликлиникæтæ, амбулаторитæ æмæ фелсырон-акушерон пункттæ, уыимæ, стыр æргом здахæм райдиан цæджы райрæзтмæ, уымæн æмæ республикæйы алы цæрæджы æнæниздзинадыл фыццаг рады уыдон дзуапп дæттынц. Уæрæсейы Федерацийы Президент æмæ дæу æххуысы фæрцы мах абон райдыдтам аразын Республикон пульмонологон центр. Хъавæм ногæй бындуронæй рацаразын æмæ саразын онкологион диспансер æмæ Мæздæджы арæндон, – загъта Сергей Меняйло.

Цæгат Ирыстоны разамонæг ма фæбæрæг кодта, дарддæр дæр куыст кæй цæуы республикæйы дзæбæхгæнæн уагдæттæ нырыккон медицинон техникæйæ сифтонг кæныныл, медикты фæлтæрддзинад фæбæрзонддæр кæныныл, адæмæн ног хъæугæ объекттæ аразыныл.

Михаил Мурашко фæбæрæг кодта, абон æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæйы ивддзинæдтæ баст кæй сты, куыд хъæугæ финансон фæрæзтимæ, афтæ æндæр хъуыддæгтимæ дæр, райдай раст диагностикæйæ, рынчынмæ лæмбынæг цæстдард æмæ йын бæрзонд технологион æххуыс раттынæй фæу.

– Медицинæйы райдиан цæджы модернизацийы проект æххæстгонд цæуы Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины фæдзæхстмæ гæсгæ, æмæ ивгъуыд азты регионы йе 'ппæт къæпхæнтæ дæр се 'мгъуыдтæм конд æрцыдысты. Ацы аз регион онкологион центрæн райсдзæн ифтонггæрзтæ радиофармацевтикон препараты æххуысæй иртасæнтæ аразынæн. Нæ абоны кусæг балцы фæлгæты мах федтам фæзуат тагъд æххуыс исæн модулон хайады арæзтад. Уый у уæлрадон (экстренный) пациентты нырыккон хайад. Национ проект «Бинонтæ»-йы фæлгæты ныртæккæ регионмæ ифтонггæрзтæ 'рбацыд 180 милуан сомæй фылдæры аргъ. Уыцы ифтонггæрзты руаджы дзæвгар фæбæрзонддæр ноггуырдтæн реанимацион æххуыс раттыны æмвæзад. Фыццаджыдæр, ам фæзынд сæ улæфт фæхуыздæр кæныны мадзæлттæ. Сæйрагдæр та фæхъомысджындæр акушерон æххуыс, мад æмæ сывæллонмæ цæстдард ног технологиты фæрцы. Куыд бафиппайдтон, афтæмæй персонал уыцы 'гъдауæй æнтыстджынæй архайы, – бахахх кодта Михаил Мурашко.

Фембæлды архайджытæ ма 'рныхас кодтой, Цæгат Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады рæзты национ нысантæ æмæ æнæмæнг медицинон фæдзæхстады территориалон программæ куыд æххæстгонд цæуынц, уыцы фарстатыл.

РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан** радзырдта республикæйы мæлынад фæкъаддæр кæныны мадзæлттыл. Куыд загъта, афтæмæй абон регионалон Хицауады æмвæзадыл куыст цæуы, цæмæй бынæттон хиуынаффæйады администрацитæ адæмы разæнгард кæной профилактикон мадзæлтты архайынмæ.

2027 азы федералон проект «Уæлрадон медицинон æххуыс фæхуыздæр кæнын»-ы фæлгæты Республикон клиникон рынчындоны бындурыл арæзт æрцæудзæн къорд мадзалы. Проектмæ гæсгæ исæн уаты инфраструктурæ æппæтæй дæр ивд æрцæудзæн, уыдзæн дзы нырыккон диагностикæгæнæн ифтонггæрзтæ, æмæ уый фæстиуæгæн рынчынæн тагъд медицинон æххуыс раттыны маршрут дзæвгар фæцыбырдæр уыдзæн, йæ хæрзхъæддзинад та – бæрзонддæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Сидæм уæм

# Фæллойæн – кад

**Фæндæгтыл, бæрзонд уæладзыгон хæдзæртты цурты цæугæйæ, цæст райахсы, «Фæллойæн – кад», зæгъгæ, стыр дамгъæтæ хæдзæртты сæрты. Æвæццæгæн, сæ раппарын дæр зын у, æндæр ма фæллойæн кад кæм кæнынц, стæй, фæллой йæхæдæг кæм ис. Уыдон хуымæтæг ныхæстæ не сты.**

О, абон дæр нæ бастдзинад зæххимæ нæ ахицæн, цыма йыл зæрдæ нæ ивæм, фæлæ, советон заман æмхуызонæй хъæууон хæдзарады куыстуæтты куыд фæллой кодтам, заводты, фабрикты куыд куыстам, ахæм цæвиттонтæ нал баззад.

Мах хорз хъуыды кæнæм Социалистон Фæллойы Хъæбатырты – сæ кад, сæ намыс. Кæд æмæ-иу сын сæ фыдæбонæн аргъ счындæуыд, уæддæр уый хауд æппæт коллективмæ. Уый уыд æппæт кусджыты бавнæлд, уыцы хæрзиуæг дæр афтæ æмбæрстой. Газет «Рæстдзинад» уыцы заманты Социалистон Фæллойы Хъæбатырты, фæллойы орденхæсджыты тыххæй фыста.

Фæлæ нæ фæндид, цæмæй ныры фæлтæртæ дæр зоной, ахæм диссаджы удыхъæды хицæуттæй советон заман хъæздыг кæй уыд, адæм сæ сырыстыр кæй уыдысты, сæ нæмттæй сæрбæрзонд, уый. Хъуамæ рохуаты ма уой. Курæм газеткæсджытæй, фыссут нæм, дзурут Фæллойы Хъæбатырты тыххæй, се сгуыхтыты, сæ фæзминаг æууæлты, сæ удыхъæды хуыздæр миниуджытыл.

Æрвитут нæм къамтæ, æвдисæнтæ, цы хъуыды кæнут сæ цардæй, сæ удуæлдай фæллойæ, уыдон цæмæй рохуаты ма баззайой, ууыл иумæ бацархайæм. Фæллойы хъæбатыртæй, орденхæсджытæй ма удæгас чи у, уыдоны цæрæнбынæттæ кæд зонут, уæд нæм сæ æрвитут.

Газет æнхъæлмæ кæсы уæ фыстæджытæм, телефоны дзæнгæрджытæм.

**Газет «Рæстдзинад»-ы редакци**

Сахъгуырд

# Царды ссардта йæ бынат

**Нæ алчидæр ацы дунемæ 'рцæуы цавæрдæр бæлвырд хæсимæ, нысанимæ. БÆРОЙТЫ Ацæмæз йæхицæн равзæрста адæмы ирвæзын кæныны ахъаззаг хæс. Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады кусæг уæвгæйæ, æрæджы Ацæмæз мæлæтæй аирвæзын кодта 12-аздзыд лæппуйы.**




Мæскуыйы цæугæдон Синичкæйы уылæнтæ фæцæйластой сывæллоны, ирвæзынгæнæг иунæг уысм дæр нæ ахъуыды кодта, йæхи баппæрста цæугæдоны æмæ лæппуйы аирвæзын кодта. Горæт Красногорскы донисæн æлхъынцъы районы 'рцыд ацы хабар. Лæппу сапбордыл бырыд, иу рæстæг фæцудыдта æмæ доны ныххауд. Ныгъуылын райдыдта, уыцы рæстæг Бæройты Ацæмæз йе 'мбæлттимæ зылд фæзуатыл, уавæртæ æвзæрста...

Куыддæр сывæллоны донæй систа, афтæ фæдзырдтой тагъд медицинон æххуысы бригадмæ. Цалынмæ уыдон бынатмæ хæццæ кодтой, уæдмæ сывæллоны цур уыдысты Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады кусджытæ, цы йын сæ бон уыд, уыдæттæ кодтой. Дохтыртæ федтой лæппуйы, сæ хатдзæг уыд ахæм – хъыгдард нæ баййæфта.

Ацæмæз куыд зæгъы, афтæмæй йæ архайд уыд æрхъуыдыджын, академийы сæ алы æнæнхъæлæджы уавæртæм цæттæ кодтой. «Ныртæккæ сывæллон йæхи хорз æнкъары, дзырдтой йын йæ мадмæ, базыдтон хабæрттæ», – зæгъы Бæройы-фырт. Ныртæккæ Бæройты Ацæмæз у зынгсирвæзты ныхмæ паддзахадон инспектор. Йæ службæ хæссы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады Мæскуыйы облæсты сæйраг управленийы.

Йæ гыццылæй фæстæмæ Ацæмæз æмбæрста йæ царды фæндаг. Йæ фыд Бæройты Игорь уыцы рæстæг уыд Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг сæйраг управленийы зынгсирвæзты – ирвæзынгæнæн хайы разамонæг. Службæйæн ратта 30 азы, куыстмæ-иу йемæ арæх ахуыдта йæ фырты. Лæппу тынг къæрцхъус уыд æппæт цаутæм, йæ хъус дардта дæсныйадмæ. Мæнæ йын исчи тыхæй йæ дæсныйад бацамыдта, уый дзы нæ уыд, фæлæ фыд кæддæриддæр йæ лæппуйы фæндтæ æмбæрста.

Скъола каст фæуыны фæстæ Бæройты Ацæмæз ахуырмæ бацыд Мæскуыйы Зынгсирвæзты ныхмæ службæйы академимæ. Уавæртæ уыдысты æфсадмæ хæстæг, цардысты къазарматы, хъарагъуылы лæууыдысты, физикон цæттæдзинад фидар кодтой. Сæйраг предметтæ уыдысты зынгсирвæзты ныхмæ. Тактикæ, техникæ хъуамæ зыдтаиккой хатт кæныны таблицæйы хуызæн. Уæдæ психологион цæттæдзинад дæр уыд сæйраг предмет.

Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй зынгсирвæзты рæстæг бирæтæ сæхи цæттæйæ нæ равдисынц. Академи фæцис сырх дипломимæ, йæ ныййарджытæ дзы сæрыстыр уыдысты, æххуыс ын кодтой. Йæ куыст уарзы Бæройы-фырт. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, дæсныйад ахсджиаг у, хъуамæ цæттæ уай адæймаджы цард аирвæзын кæнынмæ. Нырма фыццæгæм курсы куыд уыд, уæд Ацæмæз ацыд зынгсирвæзты бынатмæ зынгсирвæзтыирвæзынгæнæн хайимæ.

Йæ зæрдыл бадардта æппæт цаутæ. Хæдзар уыд дыууæуæладзыгон, арт – алырдыгæй. Бахъуыд æй йæ зонындзинæдтæ царды равдисын. Команда куыста, кæрæдзийы 'мбаргæйæ, арт ахуыссын кодтой. Ацæмæз куыд зæгъы, афтæмæй хъуамæ зынгсирвæзтимæ тохгæнæг уа фидар, хъæддых, уæндон, фæлмæнзæрдæ, уазал зонды хицау, æнæнхъæлæджы цаутæн рæвдз мадзæлттæ ссарын йæ бон уа.

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрад у адæмы ирвæзын кæныны вазыгджын, бæрнон, иттæг хорз зонындзинæдтæ домæг ведомствæ. Кæд Бæройты Ацæмæз нырма æрыгон у, уæддæр йæ равзæрст фæндагыл уæндонæй цæуы. Царды ссардта йæ бынат...

**УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг сæйраг управленийы пресс-службæ**

Зæрдылдарынæн

# Намысы аккаг

**Цалдæр боны размæ Ручъы æфцæгыл тъунелы хуссарварсырдыгæй кадджын уавæры байгом кодтой зындгонд инженер, æхсæнадон архайæг æмæ публицист Гаглойты Несторы фырт Рутены номарæн бюст.**




Йæ гом кæныны рæстæг æм 'рбацыдысты Уæрæсейы Федерацийы Президенты уынаффæгæнæг **Гаглойты Алан,** министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, наукон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ, Рутены кæстæрты кæстæртæ – **Гаглойты Бэлæ** æмæ **Алисæ.**

Мадзалы архайджытæ куыд загътой, афтæмæй Рутен уыди йæ адæмы æцæг патриот, егъау бавæрæн бахаста Хуссар Ирыстоны рæзт æмæ бæллиццаг фидæнмæ. Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны æхсæн фæндаг байгом кæнын уыдис Рутены царды сæйрагдæр бæллиц, йæ арфæйаг хъæппæрис.

Раныхасгæнджытæ ма дзырдтой, Гуырдзыстоны разамынд æй æнæбындурæй цæмæйдæрты куыд аххосджын кодтой, æмæ уый фæстæ, 1937 азы æхст куыд æрцыди, уыдæтты тыххæй дæр.

Рутены кæстæрты кæстæртæ – Бэлæ æмæ Алисæ зæрдиаг арфæтæ ракодтой проекты скульпторæн, мемориал саразджытæн, уазджытæн.

Бюст арæзт æрцыд Гаглойты мыггаджы хардзæй. «Мах стыр бузныг зæгъæм, ацы ахсджиаг цаумæ йæ хай чи бахаста, уыдонæй алкæмæн дæр, – загъта Гаглойты Алисæ. – Уый уыдзæн нæ иумæйаг бавæрд Рутены рухс ном фидæны фæлтæртæн ныууадзыны хъуыддаджы».

Гаглойты Алан та сæрмагондæй бахахх кодта: Рутен йæ цæргæбонты зæрдиагæй кæуыл фæкуыста, уыцы фæндаг тынг æххуыс кодта Хуссары ирæттæн сæ цард бахъахъхъæнын, æмæ сæ рох никуы уыдзæн.

Бирæ, æвæццæгæн, нæ зонынц уый, æмæ Ручъы æфцæджы фæндаг байгом кæныны тыххæй Рутен сæрмагондæй йæхи раивын кодта Мæскуыйы императоры университетæй Мæскуыйы уæлдæр техникон училищæмæ (абон хæссы Н. Бауманы ном).

Кадджын мадзалы фæстæ йæ архайджытæ сæвæрдтой дидинджытæ номарæн бюсты бынмæ.

**БЕСТАУТЫ Елизаветæ**

Цæрæнуæтты кодекс

# Сæрмагонд хыгъдты хицæуттæ

**Бирæуæладзыгон хæдзæртты сæрмагонд хыгъдты хицæуттæн Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады скодтой æмбырд. Рахастæуыд бындурон цалцæджы тыххæй фидыны, хæстæ æмбырд кæныны, хатдзæгтæ афойнадыл цæстдарæн оргæнтæм дæттыны, бындурон цалцæджы фарстатæ.**

Фембæлдæн уыд цæстдарæн-профилактикон ахадындзинад, ведомствæ равдыста барадхæлдтытæ не 'руадзыны æмæ цæрæнуæтты закъонæвæрынад хъахъхъæныны фæндæттæ. Сæрмагонд хыгъд дзурæг у бындурон цалцæджы фонд аразыны хуызыл, конд цæуы регионалон операторы фæрцы.

Бирæуæладзыгон хæдзæртты бæстыхæйтты хицæуттæн сæ бон у иумæйаг æмбырды сæ хæдзарæн хицæн хыгъд байгом кæныны уынаффæ рахæссын. Уырдыгæй фæрæзтæ ист цæудзысты бындурон цалцæгæн. Ахæм хыгъдты хицæуттæ вæййынц цæрæнуæтты хицæутты æмбалæдтæ, разамынддæттæг организацитæ æмæ регионалон оператор. Сæрмагонд хыгъд кæмæ ис, уыдонмæ сты, бындурон цалцæг æмæ хуызтæй спайдагæнгæйæ, æмгъуыдтæ фидар кæныны, ис сæм фæрæзтæй пайда кæныны бартæ.



Фонд ахæм хуызы арæзгæйæ, дзурын хъæуы фиддонтæ фидыны фидар фæткыл, хæсджынтимæ тохыл, хатдзæгтæ афойныл кæныныл. Цæрæнуæтты закъонæвæрынады цавæр ивддзинæдтæ фæзынд, уыдæттæ радзырдтой сæрмагонд хыгъдты хицæуттæн. Фæбæрæг кодтой фиддонты æппынкъаддæры бæрц æмбырд кæныны, хæсджынтимæ куысты æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæ.

Уæрæсейы Цæрæнуæтты кодексы 173-æм статьямæ гæсгæ фиддонты бæрц сæрмагонд хыгъдты хъуамæ 60 процентæй ныллæгдæр ма уа. Республикæйы ис 30 ахæм сæрмагонд хыгъды, уыдонæй 23 райстой, фиддонтæ бæрц фæфылдæр кæнын кæй хъæуы, ахæм амынддзинæдтæ. Кæд æмæ фæрæзтыл нæ бафтдзæн, уæд министрад хæдзæрттæ раздахдзæн регионалон оператормæ. Æрмæстдæр, фæрæзтæ афойнадыл куы нæ хæццæ кæной, уæд ацы закъонæй спайда кæнæн уыдзæн.

**Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ**




Нæ удварны хæзнатæ

# Фыдæлты бæрæгбæттæ

**Сæрд у, ирон бæрæгбæттæн сæ фылдæр цы рæстæгмæ хаст æрцыдысты, уыцы афон. Куыд алы аз, афтæ та сыл ныр дæр стыр æхсызгонæй нысантæ æмæ бæллицтимæ сæмбæлдзыстæм.**

Æртæ æртæдзыхоны, физонæг æмæ бæгæны сты нæ сæйраг кувинæгтæ. Куыд сæ бæрæг кодтой фыдæлтæ, æмæ сæ куыд æххæст кæнæм абон, уый тыххæй мын мæ фарстытæн кæддæр бæлвырд дзуаппытæ ратта дзæнæтыбадинаг, нæ республикæйы паддзахадон иугонд музейы хайады кусæг Хъантемыраты Эльбрус. Ирон фольклор, истори, археологи, æгъдæуттæ æмæ культурæйы цы фарста нæ зыдта, ахæм нæ уыд. Уæдæ йæ уд хъардта нæ историон хæзнатæ, цыртдзæвæнтæ æмæ æвзаг бахъахъхъæнынил дæр. Ирыстоны ахæм хъæу æмæ бынат нæ баззад, Эльбрус кæм нæ уыд. Алы ран дæр æмбырд кодта рагон дзауматæ, фыдæлты хабæрттæ, таурæгътæ йын дзырдтой хистæртæ. Арæх-иу æрбадзырдта редакцимæ, йæ зæрдæмæ-иу æрмæг куы фæцыд, уæд-иу нын бузныджы ныхæстæ загъта. Бирæ йæм уыдис цымыдисаг историон æрмæджытæ, æмæ сæ æнæвгъауæй «Рæстдзинад»-æн бахай кодта. Æнцой йын нæ лæвæрдта, фыдæлты бæрæгбæттæ нырыккон æхсæнады куыд бæрæг кæнынц, уыцы уавæр. Не 'хсæн уæд рауад цымыдисаг ныхас.

**– Ирон бæрæгбæттæн сæ историйы уидæгтæ арф æнустæм, незамантæм цæуынц. Дугтæ кæрæдзийы куыд ивынц, афтæ не 'гъдæуттæм дæр алы ног фæлтæр ногдзинæдтæ хæссы. Цы сты сæ аххосæгтæ?**

– Нæ фыдæлтæ Хуыцаумæ, зæдтæ æмæ дауджытæм куывтой сыгъдæгзæрдæйæ. Бæрæгбоны агъоммæ-иу дыууæ къуырийы раздæр сæхи цæттæ кæнын райдыдтой. Сылгоймæгтæ-иу сæ сывæллæттæн ног уæлæдарæс бахуыдтой. Дзуарыбынмæ цыдысты æрмæст нæлгоймæгтæ. Дзуарылæгыл та-иу, бæгъæввад уæвгæйæ, урс дарæс уыдис. Къахыдарæсы цæуын не 'мбæлди. Ныр та рæстæджытæ аивтой æмæ бæгъæмсар, ронбæгъд, гомгуыбынтимæ, кæрдтæ æмæ дамбацатимæ дзуарыбынмæ æрбахæццæ вæййынц. Раст нæу уый. Дзуарылæгæй бирæ аразгæ у. Бæрæгбоны размæ-иу телеуынынадæй ирон адæммæ куы расидид, уæд æмæ уæд бæрæгбон уыдзæн, æмæ æнæгъдау арæзт, хотыхджын фæсивæд уырдæм уагъд нæ цæудзысты, зæгъгæ, уæд бæрæгбоны фæтк дæр нывыл уаид.

**– Эльбрус, Тымбыл хъæды дзуар кæнæ фæззæджы лæгты дзуары кувæн къуыри Ирыстоны адæмæн иу сты, уæддæр сæ бæрæг кæнынц алыхуызон бонты. Чи – къуыри раздæр, чи та – фæстæдæр.**

– Æз дзуарылæг нæ дæн, мæхимæ зондджын дæр нæ кæсын, фæлæ дæн нæ фыдæлты бæрæгбæтты сыгъдæгдзинадыл дзурæг. Æз дæр æрæййæфтон, мæ хистæртæ сæ куыд бæрæг кодтой, ахæм фæтк. Фæлæ растдæр уыдзæн, «Стыр Ныхас» цæмæй иу пълан скæна уыцы митæн. Ома, кæй куыд фæнды, афтæ сæ ма «иваза» алырдæм, фæлæ бæрæг бæлвырд бон. Ирон бæрæгбон æппæт ирон адæмы дæр у, æмæ сæ нæ хъæуы хицæн кæнын. Зæгъæм: хæхбæсты Атынæг бæрæг кæнынц, быдыры та – нæ. Мæн фылдæр бæрæгбæтты сыгъдæгдзинады фæдыл фæнды радзурын. Кувæндоны, дзуарыбын-иу цы кусарт акодтой, уыцы нывондмæ фыдæлтæ сыгъдæг цæстæнгасæй кастысты. Сфæнд кодтай дæ фосы рæгъауæй æппæты нарддæр равзарын æмæ йæ акусарт кæнын – афтæ нæ. Нывондаг дардтой хицæнæй сыгъдæг ран, суанг ма йæм дзургæ дæр фæлмæн æмæ лæгъз æвзагæй кодтой. Йæ цуры хъæрæй дзурæн нæ фæтчыд. Бæрæгбоны размæ-иу æй уынгты фæрахон-бахон кодтой. Йæ сыкъатыл ын бастой урс-сырх зæлдаджы хæцъилтæ, цин ыл кодтой. Кусартгæнæг буарæй æмæ удыкондæй дæр уыд сыгъдæг адæймаг. Цалынмæ-иу кусарт кодта, уæдмæ йын дзурæн нæ уыд, не' мбæлдис ын тамако дымын дæр, схуыст ныхас кæнын, тызмæгæй хи дарын. Ахæм миниуджытимæ дзуæрттæ бæрæгбоны куывд нæ истой. Уæдæ кусартгæнæджы кардæй æндæр хъуыддæгтæ дæр кæнæн нæ фæтчыд. Ахæм кард фыдæлтæ сæрмагонд, хицæн бынат дардтой. Нæй кувæн, сыгъдон цы бæгæныйыл уыд, уымæй дæр, уымæн æмæ сыгъд у, æмæ тæригъæддзинадыл нымад уыдис. Кувын хъæуы къуымæл кæнæ æхсырæй. Кувыны æртæдзыхоны дæр сыгъд хъуамæ ма уыдаиккой. Зынгдзæф хойраг куыд адæймагæн, афтæ дзуарæн дæр адджын нæу. Иуæй-иу хъæуты кувынц базыгæй, иннæ рæтты – уæнæй, ранæй-рæтты та – уæхст физонæгæй. Фыдæлты æгъдаумæ, стæй, этнографион æрмæг куыд амоны, уымæ гæсгæ кусартæн йæ тæккæ ахсджиагдæр æмæ мидисджындæр сты хуылфы дзаумæттæ: игæр, зæрдæ, рæуджытæ, æмæ-иу уыдонæй физонæг кодтой. Зындгонд ахуыргонд Всеволод Миллер, Куырттаты комы уæвгæйæ, цæттæ кодта æрмæг археологты фæндзæм æмбырдмæ. Уæд бафиппайдта уым, бæрæгбоны, ахæм æгъдау – нывонд кусартгæнгæйæ. Фырæн-иу кусартгæнæг йæ галиу къухæй æрхæцыд йæ рахиз сыкъайыл, æхсидав-иу райста æмæ-иу ын æй дзуарæвæрд скодта йæ ныхыл, бæрзæйыл æмæ йæ рахиз хъусыл, цæмæй фосæн йæ фист ссудза æмæ йæ тæф, йæ фыццаг нысан уæлæрвтæм ссæуа, кæй номыл у, уымæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, цæхх ын-иу бадардтой. Нозтæй дæр-иу ын авæрдтой, фæлæ рæстæджы цыдимæ ацы æгъдау фесæфт.

Дарддæр Миллер фыссы, зæгъгæ, фыдызгъæл куы сфыцы, уæд уæхст физонæг скæнынц. Дзуарылæг та скувы физонæгæй, кæрдих, стæй къæбæры чысыл хай æмæ кувинаг нозтæй баппары арты, ацаходын кæны сывæллонæн, стæй æртыккаг анаызы йæхæдæг. Афтæмæй-иу дзы рауад æртæ. Хуыцау нымæц æртæ уарзы, æмæ нæ фыдæлтæм дæр ацы нымæц кадджын уыдис. Абон та мах дыууæ кæнæм: кувæг ацаходын кæны кæстæрæн, стæй йæ йæхæдæг ануазы. Уæнæй пайда кодтой тынг рагæнустæй фæстæмæ. Хæдзары чи схъомыл, ахæм фысы уæны кæсын чи зыдта, уый-иу дзы хорз хабар куы нæ федта, уæд æй кодта кæрддзæф, ома йæ ма базоной. Гъе, ахæм æмæ бирæ лыстæг хъуыддæгтæ ис нæ фыдæлты бæрæгбæтты, æмæ сæм цæст дарын хъæуы. Иу хатт ма зæгъын: дзуарыбынмæ æнæгъдау дарæсы æмæ хотыхтимæ цæуын нæ хъæуы, стæй бахæрд æмæ бануæзты куывд нæу, фæлæ Хуыцаумæ, Дзуармæ сыгъдæгзæрдæйæ æмæ уагæй скувыны, хорзæхтæ сæ ракурыны мадзал, æмæ, уæлдæр цы фиппаинæгтæ загътон, уыдонил алчидæр ахъуыды кæнæд.

**Ныхас фыст æрцыд 2004 азы июны мæйы**



Ирон кино

# Куыд фембæлдтæн «Хохаг»-имæ

**1992 азы стыр æхсызгонæй бакастыстæм режиссер ДЖУСОЙТЫ Мураты кинонывмæ «Хохаг»-мæ. Федтам нæ фыдæлты хæххон уавæрты уæззау цард, куыд тынг зын сын уыдис хор самал кæнын, стæй, талынг фæстæзад æгъдæуттæ-иу адæмы цы фыдбæллæхтæм æркодтой, ахæм нывтæ.**

Кинонывы архайджытæн сæ фылдæр не 'хсæн нал сты: Гиоты Руслан (Джиго), Туменаты Еленæ, Джусойты Мурат, Уататы Бимболат. Уацмысы сæйраг хъайтар, чысыл Æхсары ролы чи ахъазыд, уый уыдис октябрыхъæуккаг лæппу Дзасохты Арсен. Йемæ уæд базонгæ дæн æмæ йæ куы бафарстон, фидæны артист суыдзынæ, зæгъгæ, уæд мын дзуапп ратта, уыцы дæсныйадыл кæй никуы хъуыды кодта.

– Æнæнхъæлæджы æрбафтыдтæн «съемкæтæм», Джусойты Мурат агуырдта скъолаты Æхсары ролмæ чысыл лæппу æмæ мæн равзæрста. Тынг буц мæ дардта киноисæг къорд. Артисттæ, сценарист, режиссер – иууылдæр мыл хи хъæбулы хуызæн узæлдысты. Хохæгтæ нын фынгтæ æвæрдтой, кусæрттæ кодтой. Артисттæй-иу иу дæр мæ разæй комдзаг нæ кодта, алчидæр мын йæ хай лæвæртта. Кинойы федтат дыууæ урс галы ифтыгъдæй? Сæ хицау, хохаг лæг сæ уый фæстæ мæнæн балæвар кодта. Кинойы аивадимæ мæ хъысмæт сбæттынмæ нæ хъавын, ахуыры фæстæ мæ зæрды ис Мæскуыйы уæлдæр ахуыргæнæндæттæй иумæ мæ гæххæттытæ бадæттын, – дзырдта Арсен.

Дзасохты лæппуимæ нæ фембæлдыл бирæ азтæ рацыд, фæлæ мæм зæрдылдарынæн ныууагъта йæ хуызистытæ. Фæнды мæ, цæмæй сæ «Рæстдзинад»-ы фарсыл Арсен йæхæдæг дæр фена.





Рагон хъæутæ

# Дзывгъис

**Иуæй-иу адæймæгтæ афтæ фæзæгъынц, ивгъуыды кой, дам, æдзух цæмæн кæнут, фидæнмæ кæсын хъæуы, размæ. Фæлæ куыд ис фидæн дæр, æнæ ивгъуыдмæ акæсгæйæ, аразæн?**

Цалдæр боны размæ бакастæн социалон хызты, нæ республикæйы Культурон бынтæ æмæ цыртдзæвæнтæ хъахъхъæныны комитет Дзывгъисы фидæрттæм бацæуæнтæ кæй сæхгæдта, уый. Куыд сбæрæг, афтæмæй рагон объект тæссаг уавæры ис. Къæдзæхы фæхстыл цы фидæрттæ арæзт æрцыд незаманты, уыдон згъæлынц сабыргай, æмæ тæссаг у, æдзух сæм чи хизы, уыдоныл исты бæллæх куы 'рцæуа, уымæй. Туристтæ та сæ æппын иу ран нæ уадзынц, цы къуымæй дзы нæ ракæсынц, ахæм нæй. Фæсарæнты, Англис, Франц æмæ иннæ бæстæты ахæм историон бынæттæм мидæмæ 'ввахс бацæуын нæ уадзынц. Сæ алывæрстæ сын сау ставд рæхысæй сæхгæнынц, æмæ туристтæн фадат вæййы æрмæст сæм иуварсæй кæсын. Цæуылнæ ис махмæ ахæм мадзæлттæ саразæн, цы нæ хъыгдары?

Кæддæр нæ рагфыдæлтæ Дзывгъисæн бындур сæвæрдтой. Сæ хъару æмæ зондæй, сæ диссаджы къухты фæллойæ нын ныууагътой, æддагон знæгтимæ хъазуатонæй кæй тох кодтой, ахæм æвдисæнтæ, бæрзонд Хъæриуы хохы фахсыл чъырамад фидæрттæ. Йæ историйы сыфтæ йын куы рафæлдахæм, уæд нæ дугтæ ахæсдзысты XXIII æнусмæ. Уæд батардтой ирон адæмы хохы цъассытæм цъаммар монгойлаг хан Тимур æмæ йæ хъузонтæ. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, Дзывгъис персайнаг дзырд у, кæнæ ногъайаг, фæлæ дзы цæргæ та кодтой алантæ. Дзывгъисы фидæрттæ æрмæст æцæгæлон ахуыргæндты не 'фтыдтой дисы, нæхæдæг дæр, ирон адæм, къаддæр дис нæ кæнæм, куыд æмæ цы амалæй арæзт æрцыдысты, къæдзæхы фахсыл зæрватыччыты ахстæттау чи баныхæст, уыцы фидæрттæ. 2000-æм азты райдайæн историиртасæг Гутнаты Феликсы фарстон уый тыххæй, æмæ мын ратта дзуапп.

– Ацы фидæрттæ уыдысты арæнхъахъхъæнджыты гарнизоны бынæттæ, уыдон тох кодтой æддагон знæгтимæ, монгойлаг хантимæ. Фидæрттæ бæрзонд амад кæй уыдысты, уымæ гæсгæ сæм фат нæ хæццæ кодта. Уæд Тимур смæсты æмæ саразын кодта хъæдын асин. Афтæмæй фæцагътой, фидары йæхи чи бафæсвæд кодта, уыдоны. Дзывгъисы хохы фидары ис лæгæты хуызæн зæппадз. Уым XIX-XV æнусты сбæрæг кодтой бирæ адæмы стæгдартæ, æмæ сæ мæлæт, чи зоны, монголты къухæй уыд. Бынæттон цæрджытæн та табуйаг бынæттæ уыдысты, æмæ сæ барстой нарты адæмимæ, – дзырдта Феликс.

Лæгæт тынг арф хонынц. 2002 азы мын Дзывгъисы цæрæг **Елхъанаты Таймураз** радзырдта ахæм хабар. Лæгæтмæ раджы кæддæр гæды бауагътой, йæ хъуырыл – дзæнгæрæг, афтæмæй. Гæды Уæлладжыры коммæ рахызт иннæ фахсæй, фæлæ ахуыргæндтæй иу дæр мидæмæ ссæдз метрæй рæбындæр нæ бацыд, уымæн æмæ, куыд арфдæр, афтæ нарæгæй-нарæгдæргæнгæ цыд. Ахæм лæгæттæ Дзывгъисы цалдæр ис. Сæхи дзы фæсвæд кодтой дины кусджытæ. Хъæуы ис рагон Дзывгъисы дзуар. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ дзырдтой, зæгъгæ, арæзт æрцыд XII æнусы гуырдзиаг ус-паддзах Тамары хъæппæрисæй, фæлæ уыцы хъуыды абоны онг дæр дызæрдыггаг у.

1982 азы археологон куыстыты рæстæг аргъуаны къулрæбын скъахтой XIV-XV æнусты цалдæр чырыстон ингæны. Археологты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ныгæд æрцыдысты аргъуаны сарæзтæй бирæ фæстæдæр. Уый тыххæй аргъуаны арæзт хаст цæуы XIII æнусмæ. Дзывгъисы равзæрдæй абонмæ тынг бирæ рæстæг рацыд, фæлæ йæ хуыз нæ аивта. Æрмæст дзы фæстаг цалдæр азы фæзындысты цалдæр ногарæзт хæдзары. Цæргæ та дзы фыдæй-фыртмæ кæнынц Елхъанатæ æмæ Хæмæтатæ. Æнæуи дзы æндæр мыггæгтæ дæр цардис – Цоколатæ, Хъыргъатæ, фæлæ быдыры хъæутæм аивтой сæ цард. Елхъанаты Таймураз куыд дзырдта, афтæмæй дзы дзуары лæгтæ та уыдысты Елхъанатæ æмæ Хæмæтатæй æвзæрст.

– Рагзаманты-иу Джеоргуыбайы бæрæгбонмæ комы лæгтæ кувæндоны фыхтой бæгæны. Фыцгæ та кодтой æрхуы æгты. Уыцы æгтæ абон дæр сты нæхи хъæуы, бæстæзонæн музеймæ нын сæ тынг æхсызгонæй агуырдтой, куырдтой, фæлæ сæ нæ раттам, уымæн æмæ нæ хъæуы хæзнатæ сты, фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ пайда кодтам нæ хъæугуывдты. Фыдæлтæй нын баззадысты æмæ нын цæстыгагуыйау сты зынаргъ. Бирæ æнустæ сыл цæуы, нал бæззынц архайынæн, фæлæ уæддæр нæ хъæуы дзауматæ ницæуыл баивдзыстæм. Бæрæгбоны мидис зæронд адæммæ тынг цымыдисаг уыд. Нæлгоймаг-иу йæ цæсгом бамбæхста, бызгъуыртæ-иу скодта йæ уæлæ, йæхи-иу сифтонг кодта хъæдын хæцæнгæрзтæй æмæ сахатæй. Искæцы дзы-иу фехста адæмыл, æмæ-иу кæуыл суад, уый хъуамæ дзуарæн нывондæн исты раттаид, фылдæр хатт – æхца. Бахай-иу дзы кодтой бæгæныфыцæгæн дæр, – дзырдта Елхъанаты Таймураз.

Цæгат Ирыстонæй хъæздыгдæр истори Цæгат Кавказы адæмтæй, æвæццæгæн, никæмæ ис. Фæлæ йæ нæ зонæм хъахъхъæнын, æндæр, Лæцы хъæуы цы рагон скъола уыд, 1907 азы къæдзæхдурæй арæзт, уый бындзарæй фесæфын цæмæн бауагътам? Ацы скъолайы цахъхъæн ма у хохы Дæргъæвсы скъола дæр, абоны онг дæр дзы сывæллæттæ ахуыр кæнынц, кæд йæ фыццагон хуыз ивд æрцыд, уæддæр. Бахъахъхъæдтой йæ хохæгтæ, цымыдисаг бæстыхай у, сарæзтой дзы нырыккон царды уавæртæ дæр. Хъуыды кæнын, Куырттаты ком фæсарæйнаг æмæ нæ бæстæйаг туристтæн куыд цымыдисаг маршрут уыдис, уый. Дыууæуæладзыгон автобустæ-иу хæххон хъæуты фæзты куы 'рлæууыдысты, уæд-иу æнахуыр адæм зыдæй фæлгæсыдысты нæ хæхты цъуппытæм, рагон зæппæдзтæ, фидæрттæ æмæ галуантæм. Ныр та дзы лæг цы фена, уый нал ис. Хъæрæцаты мæсыг Уырыхъæуы ахæм рæсугъд бынаты амад æрцыд, æмæ-иу йæ уындæй адæймаг цыма астæуккаг æнусты фестад, ныр йæ фæзы цавæрдæр «сыроварня» сарæзтой, æмæ мæсыг зынгæ дæр нал кæны. «Цивилизаци» нын нæ хæхты истори бынтондæр куы аныхъуыра, уымæй тæссаг у, æмæ ма уæд туризмы рæзтæн дæр нæ республикæйы йæ нысан цы у?





Фарс бацæттæ кодта
САУТÆТЫ Тамилæ



Спортивон фидиуæг



Армрестлинг

# Нæ уыдзæн рох Аслæнбеджы рухс ном

**Дзæуджыхъæуы Тхэквондойы галуаны 25-27 июны 9-æм хатт арæзт æрцыд Советон Цæдисы спорты сгуыхт мастер, Уæрæсейы сгуыхт тренер ЕНАЛДЫТЫ Аслæнбеджы номарæн Æппæтуæрæсеон турнир армрестлингæй.**

Куыд амæй размæ, афтæ та ацы хатт дæр кадджын спортсмен æмæ тренер, уæззау атлетикæйæ Советон Цæдис æмæ дунейы æппæты тыхджындæр атлетты номхыгъды уæвæг Еналдыты Аслæнбеджы номарæн турнирмæ Уæрæсейы 21 регионæй Дзæуджыхъæумæ æрцыдысты нæ бæстæйы тыхджындæр 334 цæнгдых спортсмены.

Турнир саразæг сты РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад, нæ республикæ æмæ Уæрæсейы армрестлинджы федерацитæ æмæ хауы паддзахадон программæ «Уæрæсейы спорт»-ы фæлгæтмæ.

Турнир гом кæныны мадзалы архайдтой РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр **Фрайты Сослан**, йæ хæдивæг, армрестлингæй Уæрæсейы æмæ дунейы раздæры чемпион **Хуадонты Артур**, РЦИ-Аланийы армрестлинджы федерацийы президент **Цъæхилты Таймураз**, Уæрæсейы армрестлинджы федерацийы вице-президент **Еналдыты Хъазыбег** æмæ Аслæнбеджы чызг **Еналдыты Регинæ.**

Турниры архайджытæ ерыс кодтой æртæ хуызы къордты: спортуарзджытæ, профессионалон æмæ, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, ахæм спортсменты 'хсæн.

Æппæты фылдæр уыдысты спортуарзджытæ. Уыдоны ерысты нæлгоймæгтæ тыхджындæрты бæрæг кодтой иуæндæс уæзы, сылгоймæгтæ та – аст уæзы.

Сылгоймæгты ерысты ирыстойнæгтæ рамбылдтой 4 – сыгъзæрин, 5 – æвзист æмæ 4 бронзæ майданы. Нæ чызджытæй уæлахиздзаутæ систы: 50 кг – Моститы Элинæ, 65 кг – Хъæрджынты Эллæ, 70 кг – Мæргъиты Аделинæ, 90 кг – Тадтаты Виктория.

2-аг бынæттæ бацахстой: 50 кг – Хетæгкаты Камилæ, 55 кг – Айларты Джоаннæ, 65 кг – Гергиты Даринæ, 70 кг – Байаты Мария æмæ Хуытъинаты Дзерассæ, 3-аг бынæттæм та рацыдысты 60 кг – Валерия Незамаева, 65 кг – Баситы Замирæ, 70 кг – Дзигойты Стеллæ æмæ 90+ кг – Дудиаты Дианæ.

Сылгоймæгты ерысты иннæ цыппар уæзы 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 55 кг – Дианæ Бареева (Бетъырбух), 60 кг Илинæ Бариева (Татарстан), 80 кг – Анастасия Брюнцева (Белгороды облæст), 90+кг – Мартæ Волкова (Хъæрæсе-Черкесты республикæ).

Тынг цымыдисаг рауадысты ерыстæ нæлгоймæгты 'хсæн. Алы уæзы дæр уыди цалдæргай спорты зындгонд мастертæ. Уымæй уæлдай ма



Аслæнбеджы номарæн турниры бæрзонд бынат бацахсджытæн лæвæрд цыди спорты мастеры ном, æмæ уый дæр тынг разæнгард кодта уыцы ном кæмæн нæма уыд, уыцы суинаг спортсменты.

Æппæты рогдæр уæзы – 55 кг онг, ирыстойнаг лæппутæй 1-аг бынат рамбулынмæ хæстæг уыди Гуцаты Азæмæт. Уый галиу къухæй фæуæлахиз йе 'ппæт ныхмæлæуджытыл дæр æмæ ерысы фыццаг æмбисы цыди 1-аг бынаты, фæлæ нæ 16-аздзыд лæппуйæн, рахиз къухæй хæцгæйæ, нал бантыст кæронбæттæны рамбулын æмæ бацахста 2-аг бынат. Йæ уæзы 1-аг бынат рамбылдта Мæхъæлы республикæйы минæвар Хизир Кузьгов.

60 кг онг уæзы 1-аг бынатмæ рацыд Хъæрæсе-Черкесты республикæйы спортсмен Абдуллах Байкулов.

Ирыстойнаг спортсментæ фæд-фæдыл 1-аг бынæттæ рамбылдтой æртæ уæзы: 65 кг – Гæмаонты Сослан, 70 кг – Саулохты Азæмæт, 75 кг – Гаглойты Хъазыбег. Ацы уæзты 2-аг бынæттæм дæр рацыдысты ирыстойнæгтæ: Сармат Шабанов (65 кг), Цекъойты Артур (70 кг), Гæбæраты Тамаз (75 кг).

Иннæ уæзты уæлахиздзаутæ систы: 80 кг – Рустам Темирлиев (Хъæрæсе-Черкесты республикæ), 85 кг – Алексей Прокофьев (Бетъырбух), 90 кг – Даниил Колмаков (Бетъырбух), 100 кг – Матвей Кудрявцев (Краснодары край). Ацы уæзы 3-аг бынат бацахста Бестолты Сослан. 110 кг – фæуæлахиз Темирлан Уртенов (Хъæрæсе-Черкесты республикæ), 110+кгта 1-аг бынат рамбылдта Заур Пайзулаев (Бетъырбух), 2-аг та ссис Наниты Даниил (РЦИ-Алани).

Низæй хъыгдард спортсменты ерыстæ цы цыппар уæзты цыдысты, уыдоны 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 60 кг – Алексей Казанцев (Пермы край), 75 кг – Сергей Вяткин (Пермы край), 85 кг – Цхуырбаты Зауырбег (РЦИ-Алани). Ацы уæзы ма 3-аг бынатмæ рацыд Цъæхилты Грэф (РЦИ-Алани). 85+кг 1-аг бынат лæвæрд æрцыд Аметжан Абдуламановæн (Хъырымы республикæ).

Профессионалон хуызæй нæлгоймæгтæ ерыс кодтой æртæ уæзы, сылгоймæгтæ та – дыууæ уæзы.

Сылгоймæгты ерысы дыууæ уæзы дæр 1-аг бынæттæ рамбылдтой ирыстойнаг чызджытæ. 70 кг уæзы 1-3 бынæттæ бацахстой: 1 – Байаты Мария, 2 Мæргъиты Аделинæ, 3 – Персаты Каролинæ. 70+кг уæзы цы къорд зындгонд спорты мастеры ерыс кодтой, уыдоны 'хсæн дыууæ къухæй дæр 1-аг бынæттæ рамбылдта æмæ турниры уæлахиздзау ссис зындгонд спорты мастер æмæ тренер Гусалты Альбинæйы 17-аздзыд хъомылгæнинаг Черчесты Динарæ. Йæ фæстæ 2-3 бынæттæ бацахстой Анастасия Брюнцева (Белгороды облæст) æмæ Марта Волкова (Хъæрæсе-Черкесты республикæ).

Нæлгоймæгты ерысты ирыстойнаг спортсментæ 1-аг бынæттæ бацахстой дыууæ уæзы. 60 кг онг уæзы тынг цымыдисаг рауадысты ерыстæ. Цы дыууадæс спортсмены дзы ерыс кодтой, уыдоны 'хсæн кæронбæттæнмæ рацыдысты ирон спортсментæ Гæбæраты Хетæг æмæ Гæдзауты Марат. Сæ ныхмæлæуды чысыл раздæр фæци Хетæг.

85 кг онг уæзы дунеон къласы спорты мастер Золойты Алан дыууæ къухæй дæр рамбылдта 1-аг бынæттæ æмæ ссис турниры уæлахиздзау. Йæ фæстæ 2-аг бынат бацахста нæ иннæ ирыстойнаг армрестлер Вячеслав Кутателадзе.

85 кг+ уæзы 1-3 бынæттæ рамбылдтой Ирыстоны уазджытæ: 1 – Заур Тайзулаев (Бетъырбух), 2 – Адам Баркинхоев (Мæхъæлы республикæ), 3 – Кирилл Мироненко (Краснодары край).

Æмткæй райсгæйæ, Ирыстоны командæ 100 очкоимæ бацахста 1-аг бынат, 2-аг ссис Бетъырбухы командæ (34 очкойы), 3-аг бынатмæ та рацыд Хъæрæсе-Черкесты республикæйы командæ (21 очкойы).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ рамбулджытæ хорзæхджын систы майдантæ, дипломтæ, кубоктæ æмæ æхцайы лæвæрттæй.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Æхсызгон цау

# Брытъиаты Елбыздыхъойы цыртдзæвæн-бюст – йæ райгуырæн комы




**Ацы аз 145 азы сæххæст ирон драматургийы бындурæвæрæг, прозаик, публицист, æхсæнадон архайæг Брытъиаты Елбыздыхъойы райгуырдыл. Уый у æхсызгон зæрдылдарæн цау Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæн, нæ бæстæйы цæрæг алы ирон адæймагæн дæр. Национ литературæйы классикы юбилейы кадæн ацы азы райдайæнæй нырмæ арæзт цæуы мадзæлттæ скъолаты, культурæ æмæ аивады артдзæстыты.**

Æрæджы та Елбыздыхъойы райгуырæн Куырттаты комы, Фыййагдоны поселочы, æвæрд æрцыд йæ аив бюст. Йæ автор – зындгонд курдиатджын скульптор, Уæрæсейы Федераци æмæ нæ республикæйы сгуыхт нывгæнæг **Дзукъаты Никъала**. Цыртдзæвæн-бюст сæвæрынæн æхцайæ баххуыс кодта Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты ныхас»-ы Мæздæджы районы хайады сæргълæууæг, амалхъом, Ирыстоны культурæ æмæ аивады рæстæн иудадзыгон хорзæхты цæуæг **Гуццаты Фридон.**

Номдзыд драматург Брытъиаты Елбыздыхъойы ног цыртдзæвæн-бюст байгом кæныны кадæн Фыййагдоны поселочы арæзт æрцыд кадджын æмбырд, архайдтой дзы нæ республикæйы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы, Алагир æмæ Мæздæджы районты бынæттон хиуынаффæйады администрациты бæрнон кусджытæ, сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон интеллигенцийы минæвæрттæ, Брытъиаты мыггаг, Фыййагдоны цæрджытæ, скъоладзаутæ æмæ аивадуарзджытæ.

Цыртдзæвæн-бюст байгом кæныны размæ Брытъиаты Елбыздыхъойы цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон фæндаджы тыххæй радзырдтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы сæйраг консультант **Бигъуылаты Людмилæ**, Алагир æмæ Мæздæджы районы бынæттон хиуынаффæйады бæрнон кусджытæ **Гозымты Раман, Тугъанты Иринæ,** РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар **Хозиты Барис**, зындгонд фыссæг, поэт, тæлмацгæнæг, публицист **Дзасохты Музафер**.

Мæздæджы астæуккаг скъола æмæ Фыййагдоны поселочы рæвдауæндоны ахуырдзаутæ æмæ хъомылгæнинæгтæ аив бакастысты ирон æвзаджы ахадындзинадыл фыст æмвдзæвгæтæ. Сæ номдзыд æрвад Брытъиаты Елбыздыхъойæн цыртдзæвæн-бюст арæзт кæй æрцыд, уый тыххæй Гуццаты Фридонæн, Дзукъаты Никъалайæн, стæй кадджын æмбырды архайджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Суададжы хъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Брытъиаты Тамерлан**. Уый фæстæ номарæн æмбырды архайджытæ Брытъиаты Елбыздыхъойы ног цыртдзæвæн-бюст саив кодтой дидинджытæй.

Поселочы Культурæйы галуаны та уыд Мæздæджы æмæ Алагиры районты аивады дæсныты стыр мидисджын концерт.

**ГАСАНТЫ Валери**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

## 1 июлы æргътыл нæ бафтдзæн

**Акционерон æхсæнад «Ставропольэнергосбыт» (зæрдæдарæнтимæ иумæйаг ифтонггæнæг) æргътæм цæстдарды къабазы ахсджиаг ивддзинæдты тыххæй хабар фæлхасгæнджытæн хъусын кæны.**

**Æрвылаз куыд уыд, афтæ ацы аз электрон тыхы æргътыл бафтдзæн 1 июлæй нæ, фæлæ 1 октябрæй фæстæмæ. Аргъыл бафтыды бæрц бæлвырд кæны цæстдарæг оргæн.**

**Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: Уæрæсейы Хицауад фарон 31 октябры кæй рахаста, №3081-р уыцы уынаффæмæ гæсгæ, ацы аз адæмæн (æмæ адæмы æмрæнхъ фæлхасгæнджытæн) электрон тыхы æргътыл, стæй адæмæн æмæ коммерцион фæлхасгæнджытæн электрон тых дæттыны фæдыл лæггæдты æргътыл бафтыды æмгъуыд раивыны тыххæй уынаффæ фидар кæны.**

**Документимæ базонгæ уæвыны фадат ис мæнæ ахæм адрисмæ гæсгæ:**

**http://publication.pravo.gov.ru/document/0001202510310061**


## СООБЩЕНИЕ
## Парламента Республики Северная Осетия - Алания

**Парламент Республики Северная Осетия-Алания сообщает об одной вакансии представителя Парламента Республики Северная Осетия-Алания в квалификационной комиссии Адвокатской палаты Республики Северная Осетия-Алания.**

**В соответствии с Федеральным законом «Об адвокатской деятельности и адвокатуре в Российской Федерации» и Законом Республики Северная Осетия - Алания «О представителях Парламента Республики Северная Осетия-Алания в квалификационной комиссии Адвокатской палаты Республики Северная Осетия-Алания» представителями Парламента Республики Северная Осетия-Алания в квалификационной комиссии Адвокатской палаты Республики Северная Осетия-Алания могут быть граждане Российской Федерации, достигшие возраста 35 лет, имеющие высшее юридическое образование и стаж работы по юридической специальности не менее 5 лет, не являющиеся депутатами, государственными или муниципальными служащими.**

**Представителями Парламента Республики Северная Осетия-Алания в квалификационной комиссии Адвокатской палаты Республики Северная Осетия-Алания не могут быть лица: не отвечающие вышеуказанным требованиям; имеющие не снятую или не погашенную в установленном законом порядке судимость; признанные судом недееспособными или ограниченные судом в дееспособности; состоящие на учете в наркологическом или психоневрологическом диспансерах.**

**Правом внесения в Парламент Республики Северная Осетия-Алания предложений по кандидатам в представители Парламента Республики Северная Осетия-Алания в квалификационной комиссии Адвокатской палаты Республики Северная Осетия-Алания обладают образовательные учреждения высшего профессионального образования, имеющие государственную аккредитацию по юридической образовательной программе, научные организации Республики Северная Осетия-Алания, общественные объединения, зарегистрированные на территории Республики Северная Осетия-Алания и действующие в соответствии с Федеральным законом «Об общественных объединениях».**

**Материалы о выдвижении кандидатов (протокол (выписка из протокола) заседания коллегиального органа образовательного учреждения, научной организации или общественного объединения о рекомендации кандидата для избрания представителем Парламента; письменное заявление кандидата о согласии на избрание и последующее участие в работе квалификационной комиссии, в котором указываются фамилия, имя, отчество, дата рождения, образование, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий), адрес места жительства, контактный телефон, согласие кандидата на проверку представленных им сведений и обработку его персональных данных; копия документа, удостоверяющего личность кандидата как гражданина Российской Федерации; копия диплома о высшем юридическом образовании; копия трудовой книжки или иной документ, подтверждающий стаж работы по юридической специальности; характеристика с последнего места работы или службы; медицинские справки из психоневрологического и наркологического диспансеров; справка о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования) представляются в срок до 31 июля 2026 года в Парламент Республики Северная Осетия-Алания по адресу: 362038, г. Владикавказ, пл. Свободы, д. 1.**

Председатель Парламента Республики Северная Осетия-Алания
Т. ТУСКАЕВ

Барадхъахъхъæнджыты куыст

# Фæндагыл æдасæй цæуынæн

**Ныхас фæндагыл цæуыны фæткыл кæм уыд, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты дæлхайады инспекторы фæндонæй Ногхъæуы скъолайы сæрдыгон лагеры уыд ахæм æмбырд «Детям знать положено!».**

**Фембæлды архайджыты хъуыдымæ гæсгæ, фæндагыл цæуыны æдасдзинад сæйраг хъуыддагыл нымад кæй у, уый хынцгæйæ, ацы дзыллон мадзæлттæн ис стыр ахадындзинад.**

**Æмбырдæй рауад аив бæрæгбон. Викторинæйы архайгæйæ, фæсивæд фæдагыл цæуыны фæткы сæ зонынзинæдтæ равдыстой, стæй мидисджын базон-базонтæн бæлвырд дзуаппытæ лæвæрдтой. Скъоладзаутæ**



**фæндагыл цæуыны фæтк цæмæй хуыздæр базоной æмæ сæм фæзынæг зонындзинæдтæй цæмæй арæхстджынæй пайда кæной, амынд фембæлдтытæ уымæн ахъаз кæнынц.**

*ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,*
*Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор*


**Обслуживание колонок**
**и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 682. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**